

Nim. 202.105

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinite Sispanyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order, EO 202) pou deklare yon eta ijans akòz katastwòf pou tout Eta New York; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen pou sispann oswa modifye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispanyon ak modifikasyon nan lwa yo, sòf si yo ranplase yo, modifye yo oswa yo otreman ekspire, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202 a ak chak Dekrè Egzekitif ki vini apre 202 a, pou trant jou jiska 27 me 2021.

ANPLIS DE SA, konfòmman ak otorite Chapit 71 nan Lwa 2021 yo (Laws of 2021) ban mwen pou modifye oswa pwolonje nenpòt ki direktiv ki te pibliye pandan eta ijans poutèt katastwòf sa a ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap modifye ak kontinye direktiv nou pral site la a annakò avèk Chapit 71 nan Lwa 2021 yo pou peryòd soti nan dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 27 me 2021:

- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.17 la, jan li pwolonje a, ki te egzije pou tout moun ki gen plis pase laj dezan kouvri nen oswa bouch yo avèk yon mask oswa kachnen lè yo nan yon kote piblik, pwolonje ak modifye avèk dokiman sa a pou li pa egzije ankò pou moun ki fini ak seri vaksen kont COVID-19 la kouvri ni nen yo ni bouch yo pandan yo deyò, sòf nan kad ak kote ki gen foul.

ANPLIS DE SA, direktiv ki annapre yo p ap an vigè ankò:

- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.91 la, jan Dekrè Egzekitif 202.97 ak 202.99 modifye li, ki te egzije pou sèten founisè vaksen priorize gwoup ki annapre yo pou vaksinasyon: (1) moun ki kalifye poutèt laj yo; (2) moun ki se pwofesè, ranplasan pwofesè, oswa pwofesè estajyè nan lekòl P-12 (piblik ak sa ki pa piblik); ak (3) moun ki gen maladi kwonik.
- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.86 la ki te prevwa pou tout founisè medikal otorize ki bay yon moun ki pa sètifye li fè pati yon gwoup priorite vaksen an, oswa kote founisè sa a konnen yon lòt jan moun nan pa fè pati gwoup priorite a, gen dwa sibi penalite sivil rive jiska yon milyon dola pa dòz li bay ak/oswa revokasyon tout pèmi eta a ba li.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany
nan vennsityèm jou mwa avril nan ane de
mil venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a